

Yon Mesaj de Kevin Tabb, MD

Prezidan e PDG, Beth Israel Lahey Health

10 dawout 2021

Nan dènye mesaj videyo mwen voye ban nou pi bonè ete sa a, mwen wè ke entansite ak presyon pandemi an (erezman) ap bese. Men, si pandemi sa a pa te montre nou anyen, se ke viris la ki lakòz COVID rizèz - epi li san pitye.

Kounye a nou preske pral rantre nan yon lòt vag ka COVID ak menas varyant Delta a kap ogmante. Pandan mwa jiyè a, kantite ka COVID-pozitif nan Massachusetts double chak youn a de semèn - yon ogmantasyon dis fwa plis de 78 nouvo ka nan yon jou nan kòmansman mwa a plis pase 700 nouvo ka nan yon jou nan fen mwa. Nou pa te wè yon bagay konsa depi lè Jou Aksyon de Gras.

Li klè ke nou nan yon lòt pwen enfleksyon kritik ... yon entèseksyon nan wout la. Nou ka swa pwolonje pandemi sa a lè n bay vag ak abandone poutèt fatig nou oswa fristrasyon nou.... Oswa, nou ka angaje nou nan fè tout sa nou kapab pou konbat li.

Nou pa ka bay vag. E non plis nou pa ka abandone. Epi responsabilite pwofon nou ak pasyan nou yo ak youn ak lòt - responsabilite moral nou, reyèlman - dwe mennen aksyon sa yo nou pran kòm yon òganizasyon.

Se nan fason sa mwen ap anonse jodi a twa etap enpòtan ke nou ap pran kòm yon òganizasyon pou kenbe youn ak lòt, pasyan nou yo ak kominote nou an an sekirite.

Premyèman, nou ap vanse lè nou egzije vaksen COVID ak grip pou tout anplwaye yo. Avèk apeprè 85% nan anplwaye nou yo ki deja konplètman vaksine, nou te planifye anvan pou rete tann jiskaske FDA te retire Otorizasyon Itilizasyon Ijans ak otorize konplètman youn oswa plis nan vaksen COVID yo anvan nou egzije li kòm yon kondisyon pou travay.

Men, bagay yo chanje depi apeprè yon mwa. Epi, kòm nou te fè l plizye fwa pandan pandemi sa a, nou bezwen adapte pwogram nou kòm reyalye yo ak sikonstans nou gen devan nou yo chanje. Nou a la vèy de yon gwo ogmantasyon vag ka COVID yo, e nou gen vaksen ki si epi efikas ki disponib. Yo te bay dè milyon de dòz anplis nan dènye mwa yo, e nou gen plis rezon toujou pou nou kwè kè vaksen sa yo si epi efikas.

Pou mete enpòtans ki genyen nan vaksinasyon an an pèspektiv, kounye a nou konnen ke si ou te pran vaksen an ou gen 8 fwa mwens chans pou ou enfekte - 8 fwa mwens chans. E si w vaksinen epi ou gen yon enfeksyon ki ra "ki parèt", ou gen 25 fwa mwens chans pou bezwen entènè lopital, vin malad grav oswa mouri.



Etandone ke ak le fèt ke nou antisipe ke FDA pral omwen otorize konplètman yon vaksen pa twò lontan, nou pral mande pou ke - kòm yon kondisyon pou travay - anplwaye nou yo dwe konplètman vaksinen kont COVID-19, ak tout grip la, disi 31 oktòb.

Mèsi a 85% klinisyen nou yo ak anplwaye ki te deja vaksinen ak pran aksyon enpòtan sa a pou pwoteje tèt yo ak lòt moun yo. Menas varyant COVID-19 la k ap grandi ki se Delta trè reyèl. Se kounye a nou gen yon responsablite pou asire ke tout pèsònèl nou an vaksinen, sof si yo te mande e jwenn yon pèmisyon medikal oswa relijye.

Nou ap retabli tou egzijans inivèsèl nou an pou mete mask - depi kounye a. Tout klinisyen ak anplwaye yo ap bezwen mete yon mask lè yo nan travay eksepte lè yo ap manje oswa bwè nan yon espas ki fèt pou sa - kèlkeswa estati vaksinasyon ou an epi ke se swa ou an kontak ak pasyan oswa pa gen kontak ak pasyan epi ke se swa ou nan yon zòn swen pasyan oswa nan yon lòt zòn. Mwen konnen nou tout fatige ak mask la, e nou vle retounen nan vi nòmal nou. Espwa nou sè ke politik inivèsèl pote mask la pral sèlman nesèsè pou yon ti tan, men li se yon liy defans ki nesèsè nan etap kritik sa a.

Anfen, nou bezwen tou retade aplikasyon Règleman Travay Adistans lan ke nou te deja anonse, ki te dwe rantre an vigè 7 septanm. Anplwaye ki aktyèlman ap travay adistans ap kontinye travay adistans omwen jiska mitan mwa janvyè 2022 a. Pou plis pase yon lane, nou te akonpli bagay ekstraòdinè ansanm - ki gen ladan l kèk manm nan pèsònèl nou yo k ap travay deyò. Etandone defi enpòtan nou ap fè fas nan pandemi san rete sa a, li pa ta sanble bon moman pou nou fè kòlèg sa yo retounen vinn travay sou plas, ki te ap travay adistans ak vrè siksè, tounen nan anviwònman travay Lè nou limite kantite moun ki nan espas klinik ak administratif nou yo, nou ka pi byen pwoteje youn ak lòt epi pasyan nou yo - epi prezève resous presye, ki gen ladan l PPE.

Natirèlman, nou konnen anpil nan nou ap gen kesyon, alò nou te devlope yon seri materyèl enfòmasyonèl ak plis enfòmasyon detaye sou egzijans sa yo.

Sa yo se desizyon enpòtan. Apre sa, mwen vle ou konnen ke nou pa t fè yo alalejè. Men, mwen panse ke yo ap nesèsè si nou vle a la wotè responsablite pwofon ke nou genyen ak pasyan nou yo ak youn ak lòt.

Mèsi pou tout sa nou fè pou pasyan nou yo, ki fè nou konfyans... pou youn ak lòt ... e pou kominote yo nou sèvi. Epi poutèt nou patisipe nan efò nou yo pou asire ke jou kap vini yo pi briye.

Apre sa, mwen asire nou ke jou ki pral vini yo ap pi briye.